

Timoun ak Anpwazònman Plon

Kisa chak paran ta
dwe konnen



Plon se yon pwazon

Yo jwenn plon souvan nan penti ki ansyen. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se sous anpwazònman plon yo idantifye ki touche plis timoun nan Vil New York.

Pousyè plon nan penti k ap dekalè, penti ki fann oswa ki lage oswa reparasyon kay ki pa fèt byen ka tonbe sou rebò fenèt yo, sou planche a, ak nan jwèt yo. Lè timoun ap jwe atè a epi yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo, yo ka vale pousyè plon.

Epitou, ou ka jwenn plon nan kèk pwodwi konsomatè, tè ak plonbri.

Plon ka lakòz pwoblèm pou timoun yo aprann ak pwoblèm nan konpòtman yo. Pifò timoun ki gen anpwazònman plon pa sanble oswa santi yo malad. Sèl fason pou konnen si pitit ou te ekspozè ak plon se yon tès plon nan san.



Pwoteje pitit ou

- Raple pwofesyonèl swen sante ou a pou li bay pitit ou a yon tès pou anpwazònman plon lè li gen 1 lane ak 2 lane, epi mande konsènan tès pou timoun ki pi gran yo. Rele **311** pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante.
- Di pwopriyetè ou sa si gen plon k ap dekalè. Si yo pa regle pwoblèm nan oswa si ou panse reparasyon an ap fè yon fason ki danjere, rele **311** pou mande yon enspeksyon gratis.
- Lave planche, rebò fenèt, men, jwèt yo souvan.
- Retire soulye ou anvan ou antre lakay ou.
- Pa sèvi ak pwodwi ki soti nan lòt peyi ki ka gen plon, tankou sèten manje ak epis, medikaman, seramik, makiyaj, jwèt ak amilèt.
- Sèvi sèlman ak dlo tiyo frèt pou fè lèt pou tibebe ak pou bwè ak pou kwit manje. Kite dlo a kouri pou omwen 30 segonn, jiskaske ou remake dlo a vin pi frèt, anvan ou sèvi ak li. Rele **311** pou resevwa yon kit tès plon gratis pou dlo pou bwè. Ou pral resevwa rezilta yo nan yon delè 30 jou apre ou soumèt echantiyon dlo a.
- Bay pitit ou a yon rejim alimantè ki byen balanse. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou pou asire ou pitit ou ap resevwa ase kalsyòm, fè ak vitamin C.



Rele **311** pou jwenn plis enfòmasyon
oswa ale sou nyc.gov/lead.

NYC[™]
Health